



Pou Piblikasyon Imedya: 14/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK TE PIBLIYE PREMYE KRITÈ NAN NASYON AN POU PWOFEYONÈL SWEN SANTE YO KI DEFINI MALADI ENFLAMATWA KI GEN RAPÒ AK COVID KAY TIMOUN YO

Kritè a etabli nouvo non pou sendwòm epi yon definisyon sentòm ke founisè swen sante yo ta dwe chèche

Eta a ap fè investigasyon sou 110 ka ak 3 lanmò ki rapòte asosye ak maladi COVID kay timoun yo ak sentòm ki menm jan ak maladi kawasaki oswa sendwòm ki tankou chòk toksik

Eta New York ap mennen efò nasyonal la pou konprann ak konbat nouvo sendwòm sa a

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse New York te pibliye [kritè](#) ki an tèt nan nasyon an bay pwofesyonèl swen sante yo k'ap etabli yon definisyon ka pwovizwa pou maladi enflamatwa lakay timoun yo ki gen rapò ak COVID. Kritè a etabli yon nouvo non pou sendwòm lan - sendwòm enflamatwa miltisistèm pedyatrik - ak yon definisyon sentòm ke founisè swen sante yo ta dwe chèche. Definisyon ka yo ede tou nòmalize swivi ak rapò epi yo ka ede asire yon pi bon rezilta sante.

Eta a ap fè investigasyon 110 ka ki rapòte nan New York kote timoun - prensipalman timoun ki gen laj pou ale lekòl yo - gen sentòm sa yo ki posib akòz COVID-19 la. Maladi a te retire lavi twa jèn Nouyòkè, ki gen ladan yon ti gason 5 an nan Vil New York, yon ti gason 7 nan Konte Westchester ak yon adolesan nan Konte Suffolk.

"Nou toujou ap aprann anpil sou viris sa a epi nou dwe rete vijilan paske sitiyasyon an ap chanje chak jou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a nou gen 110 ka maladi enflamatwa ki gen rapò ak covid kay timoun yo, epi mwen kwè ke sa a sèlman pral grandi. Nou ap mennen efò nasyonal pou pi byen konprann ak konbat nouvo sendwòm emèjan sa a, epi nou vle asire nou ke tout moun enfòm epi siveye sentòm maladi sa a lakay timoun yo."

Moun New York yo ta dwe chèche swen imedyatman si yon timoun genyen:
Sentòm Prensipal yo:

- Lafyèw pwolonje (plis pase senk jou)
- Doule grav nan abdomèn, dyare oswa vomisman
- Je wouj tankou san

- Demanjezon

Lòt sentòm yo:

- Chanje koulè po - vin pal, enstab ak/oswa ble
- Difikilte pou manje (tibebe yo) oswa twò malad pou bwè likid
- Pwoblèm pou respire oswa respire trè rapid
- Akselerasyon nan doulè kadyak oswa doulè lestomak
- Letaji, iritab oswa konfizyon

Eta New York ap mennen efò nasyonal la pou konprann ak konbat maladi sa kay timoun ki gen rapò ak COVID-19. Gouvènè Cuomo te mande lopital yo nan tout Eta a jodi a pou priyore tès COVID-19 pou timoun ki gen sentòm ki menm jan ak maladi kawasaki oswa sendwòm ki tankou chòk toksik. Jodi a, Depatman Sante (Department of Health) Eta ap òganize yon seminè anliy pou pwofesyonèl swen sante yo pou diskite sentòm, tès ak swen sou yon maladi enflamatwa kay timoun ki gen rapò ak COVID-19.

Depatman Sante Eta ap fè patenarya tou ak NY Genome Center ak Rockefeller University pou fè yon etid sekans jenom ak RNA pou pi byen konprann maladi ki gen rapò ak COVID lakay timoun yo ak baz jenetik posib sendwòm sa a.

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, Depatman Sante Eta a te emèt yon avi sou maladi enflamatwa grav sa ki rele "Sendwòm enflamatwa miltisistèm pedyatrik ki asosye ak COVID-19", pou enfòmè founisè swen sante yo de kondisyon an, epi bay oryantasyon pou tès ak rapò yo. Yo egzije founisè swen sante yo, ki enkli lopital yo, pou repòte bay Depatman Sante a tout ka sendwòm enflamatwa miltisistèm pedyatri ki gen chans pou asosye ak COVID-19 la ki gen pi piti pase 21 an.

Byenke pifò timoun ki gen COVID-19 genyen sentòm lejè, nan Wayom Ini yo te repòte yon lyen posib ant ka pedyatri COVID-19 ak maladi enflamatwa grav. Sendwòm enflamatwa a gen karakteristik ki antremele ak maladi Kawasaki ak sendwòm chòk toksik epi sa ka rive kèk jou oswa semèn apre maladi COVID-19 grav. Li ka genyen lafyèv pèsistan, sentòm nan vant, gratèl, e menm sentòm kadyovaskilè ki egzije swen entansif.

Li esansyèl lè pedyat la rekonèt sa bonè epi refere yo bay yon espesyalis, ni pou swen entansif. Yo rekòmande tès molekilè ak sewolojik pou COVID-19 kay timoun ki montre sentòm ki anwo yo. Tès majorite pasyan yo te pozitif pou COVID-19, kèk nan tès molekilè SARS-COV-2, lòt nan tès sewolojik.

Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite www.health.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)